10- чу классехь нохчийн меттан ФОС.

№	Талламан а, кхолларалли а белхаш		Маса сахьт	Терахь	
	Талламан	Кхолларалли		планаца	билггал
1	Талламан болх : «Жима Мохьмад» .		1		
2		Изложени: «Шовда».	1		
3	Талламан болх «Хьоме йурт».		1		
4	Талламан болх: « Бахбелла некъ».		1		
5		Сочинени: «Вайн къоман турпалхо».	1		

1.Талламан болх:«Жима Мохьмад».

Лагерехь хаза садо1уш дара бераш.Хьуьна юккъехь йолчу цигахь ц1ена х1аваъ,сийна буц,бес-бесара зезагаш,олхазарш дара.Дешархоша,отрядашка а бекъабелла,хьуьнарш къуьйсура,волейболах,футболах ловзура.Бераш отрядашка декъадаларал совнаха,шаьш вовшашаца тесначу доттаг1аллица а декъаделлера.Уьш шиша-кхоккха цхьаьна хуьлура.

Иштта кхо доттаг1 вара Хьасанний,Васий,Мохьмаддий.

Уьш даиманна а цхьаьна хуьлура,спортивни къийсадалар доцчохь.Цигахь Мохьмад шаьшшиннал жима хиларна ,Хьасаний,Вассяссий юкъа ца вуьтура.

-Мохьмад,хьо жима ву,хьо лазор ву,-бохуш юьстах туьттура царшиммо.

Т1едиллар.

1.Хьалхара предложени синтаксически таллар.

2.Терахьдешнашна к1ел сиз хьакхар.

3.Цхьанатайпана меженаш схьакъасто.

Хила деза жам1аш:
Дешархошна 1емар ду предложении синтаксически талла,цхьанатайпана меженаш,предложенин коьрта,коьртаза меженаш билгалйаха.
Синонимаш,антонимаш дало,т1едерзар къасто хуур ду.

Талламан белхан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»-5,йа цул сов г1алат делахь.

Грамматически т1едилларан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-3\4 т1едиллар кхочуш динехь ,йа 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь; 5 ,йа цул сов г1алат делахь.

1 . 0Диктант: «Хьоме йурт».

Самайевлла н1аьнеш кхайкха йуьйлайелча, хьалаг1аьттира Алхаст. Уьйт1а ваьлла х1окхо ламаз оьццушехь, эвла юккъерчу маьждигехь молла а кхайкхира.1уьйренан тийналлехь ц1ена, мукъамехь декара цуьнан аз.

Хьуьна йистера д1ахьаьжча, д1о-о лаха чохь гора Алхастан юрт. Х1окху меттехь, жа басенца дажа д1а а хоьций, охьахуура Алхаст тохара жималлехь. Аренаша йукъаерзийначу шен йуьрте а хьоьжуш, хийла ойланаш йора цо.

Х1етахьчул дуккха а хийцаелла йурт. Шорйелла, ков-керташ алсамдевлла. Делахь а, Алхастан йурт йу и, хьалха санна, дагна хьоме а, хьалха санна, дагна гергара а.

Алхаст х1инца лаьттачуьра д1айолалуш йара буьрса хьун. Х1окху хьаннашца а дара Алхастан гергарло. Ерриге а, ала мегар долуш, жималла кхузахь пепнийн 1индаг1ашкахь а, Гуьмса ч1ожан басенашца кхуьучу кегийрачу хьаннашкахь а д1айахнера Алхастан.Х1ора т1улг, х1ора дитт гергара дара кхузахь. Д1а б1аьрг мел тоьхначохь гуш долчу суьрташа хилларш-лелларш дагатуьйсура.

Хьуьна йистера д1а Гумс-хи долчу аг1ор варша боьрзучу ворданан новкъа д1аволавелира Алхаст. Цунна къилбехьа б1аьлланган а, пхонан а орамаш йуккъера схьадолуш шовда дара.

Грамматически т1едиллар.

1.Хьалхарчу пхеа предложенерчу хандешнашна буха ши сиз хьакха.

2.4-га абзацера предложенеш синтаксически къастае.

Хила деза жам1аш:

Дешархошна 1емар ду предложенехь хандешнаш билгалдаха,доллара ц1ераш нийса йазйан,дешнаш дожаршца хийца.

Талламан белхан мах хадор:

«5»-г1алаташ дацахь;

«4»-1-2 г1алат делахь;

«3»-3-4 г1алат делахь;

«2»-5, йа цул сов г1алат делахь.

Грамматически т1едилларан мах хадор:

«5»-г1алаташ дацахь;

«4»-3\4 т1едиллар кхочуш динехь ,йа 1-2 г1алат делахь;

«3»-3-4 г1алат делахь;

«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь; 5 ,йа цул сов г1алат делахь.

№3. Диктант: «Бахбелла некъ».

Х1ара шиъ иштта оьхуш, малх дикка чубуза герга бахара. Шен ненан са далале т1екхача лаар кийрахь алсам долчу Бештон х1инца гуш йолчу шайн юьртан момсарна герга мел таь1и, кийрара дог, кхоьруш, чехка детталора. Кхуьнан Бусанина ч1ог1а са ца гатдалар- х1инца а бода болаза хилар дара.

Дукха хан ялале кхарна шайн юрт дикка ц1ена ган елира, наггахь ирх болу к1ур а гуш. Бештона, шайн говраш ялах1иттина яг1ахь а, шаьш х1умма а чехка дог1уш ца хетара, кхуо, ша туху ца туху а ца хууш, кест-кеста говрана шед тухура. Кхеран говраша чехка, ч1ог1а еттачу бергийн татано, бацалахь екачу цаьпцалгийн екар ца хозуьйтура. Х1аваэхула ловзуш лела ч1ег1ардигаш кхарна т1екхочуш, цкъа лахлой: «Некъ дика хуьлда шун»,- бохуш санна, ц1еххьана чехка, дека а декий, юха т1емаш а тухий, генна лакхадовлура.

Х1орш юьртан бежан ара кхочуш, малх къайла бала дикка охьакерчинера.

Шаьш юьртана дикка герга кхаьчча, гонах серийн керт а йолуш лаьттачу шайн бахаман кертахь д1асалелаш адамаш ца гича, Бештон дагна парг1ато хилира, шен нана еллехьара, иштта хир дацара-кх аьлла.

Т1едиллар:

1. Грамматически т1едиллар.
1.Хьалхарчу пхеа предложенерчу хандешнашна буха ши сиз хьакха.
2.4-5 предложенеш синтаксически къастае.
Хила деза жам1аш:
Ма –дарра къемелехь сацаран хьаьркаш дахка,подлежащиний, сказуеминий йуккъехь тире дилла 1емар ду.
Предложени синтаксически къасто,йукъадалочу дешнашкахь сацаран хьаьраш йахка 1емар ду.
Талламан белхан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»-5,йа цул сов г1алат делахь.

Грамматически т1едилларан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-3\4 т1едиллар кхочуш динехь ,я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь; 5 ,я цул сов г1алат делахь.

1.Изложени: «Шовда».

Шовда лаьттан боданечу к1оргенашкахь тиладелла дукха лийлира.Де-дийне мел дели,т1адам т1е т1адам тухуш,парг1атдала дагахь ницкъ гулбира цо.Цунна къеггина кхетта малх а,сийна стигал ган а,г1а-патарша ден шабарш хаза а лаьара.

Т1аьххьара а цуьнан ницкъ кхечира ,г1амарш д1асатеттина лаьттан бухара хьаладала шен некъ баккха.Иза хилира май беттан цхьана 1уьйранна к1оргачу 1ин чохь.Кхузахь адамашна кара а дира и.

Цкъа хьалха шовдан т1е боьдуш цхьа готта некъ бара.Юха цхьаммо шорбира иза.Юьртарчу воккхачу стага апари а дина,цу чухула цхьана к1аг чу охьаэха доладелира хи. Гонаха т1улг а буьллуш,и к1аг а д1атабира адамаша.Шовданах буьззина боккха к1айн кад хилира цунах эххар а.

Къинхетамечу адамо г1айг1а бар бахьана долуш ,самукъане,зевне дека доладелира шовда.Генна д1а хеза цуьнан исбаьхьа эшарш.Массо а шена т1евоьху шовдано:к1адвелла некъахо,хьагделла экха,олхазар.Сирла ,зевне,ц1ена,беркате шовда мелларг дег1е ницкъ бог1ий,цунна баркалла а олий,д1авоьду кхузара.

Хьесап:

1.Текстан х1ун башхалла ю?

2.Шовда шен ламе х1унда г1ертара?

3.Кхузахь карийра и адамашна бохучух муха кхета шу?

4.Адамо шовданан терго муха йира?

5. Шена динчу диканца дуьхьал жоп муха делира шовдано?

6.Х1ун тайпа дарба деш дара шовданан хи?

Парг1атонехь.

Адаман терго.

Шовданан аз.

Хила деза жам1аш:
Дешархошна 1емар ду хьехархочо йешначу текстаца болх бан.
План х1отто,цу планаца схьайийца,маь1ница йог1уш йолуш предложенеш х1итто.
Талламан белхан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»-5,я цул сов г1алат делахь.

Грамматически т1едилларан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-3\4 т1едиллар кхочуш динехь ,я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь; 5 ,я цул сов г1алат делахь.

2.Изложени: «Школехь».

Текст.

Дика са а даь1ана, суьйранна школе вахара иза.

…Хожа шен накъостана юххе парти т1е охьахиъна воллушехь, гаргол бийкира. Парта гота а, лоха а яра. Амма, иза г1ехьа яра дийнахь кху школехь доьшуш долчу берашна. Церан хеннахь дешнехьара со а хир вара дешна ваьлла. И эрна ойланаш а хедош, хьехархо чувеара.

«Математика – сема тидам лоьхуш 1илма ду», - аьлла, д1айолийра цо шен урок.

«Х1инца б1аьсте ю. Кестта дешаран шо чекхдер ду. Т1аккха цхьа шо бен ца дуьсу институте кхача», - ойланаш йора Хожас.

-Стенан ойланаш йо ахь? – хаьттира Хожега, накъостех цхьамма.

-Математикан…

Хожа велакъежира, амма шена дицделларг юха дагалаца г1ертара. Иза дага дан гена дацара.

Математикан ши урок чекх а яьлла, ша д1авоьдуш хьехархочо элира:

-Хожа Ахьмадов, нагахь санна ахь иштта дешахь, экзаменехь хьо тоьларг хилар шека яц.

Накъостийн яххьаш Хожийна т1ейирзира.

-Къахьоьгур ду вай, - элира Хожас.

Хьехархо д1аваха, дешархойн 1одика а йина. Цул т1аьхьа шина сохьтехь физикан урок яра.

Чолхе машинаш а, ракеташ а, атоман ницкъаш а бийцар вайн толуш долчу дахарх ийна бен хила тарлуш цахиларх кхеташ ладоьг1ура дешархоша шайн хьехархочуьнга. Царах х1ораммо а кураллица ойла йора оццул даккхий, сийлаххьий г1уллакхаш кхочушдеш долчу советан халкъах шаьш хиларна.

Сакъералуш а, к1аддалар дицделла а бара дешархой. Горгали бекна, дешаран де чекхдели.

Накъостий новкъахь шайн-шайн урамашкахьа д1а-схьа боьрзуш, Хожин 1одика а еш, д1акъестара.

-К1ант, хьо ц1а кхечи? – нана дуьхьал елира.

Хожас ойланаш йора охьавижча. Кхехкий, ц1ийлой, дахчалой, ц1анлой схьакъаьста болат тайп-тайпанчу нехех. Сийлахь, турпал белхаш беш, 1амош, шайна 1еминарг накъосташна хьоьхуш бахчалуш бу къона белхалой.

Х1инцца бен цаваьлла со цу сийлахьчу бригадехь болх баран новкъа. Хийла г1уллакхаш ду хьалхахьа! Къонахийн болар х1инцца дуьххьарлера г1улч йоккхуш ду.

План.

1.Хьехархо чувале.

2.Шолг1ачу урокехь.

3.Дешаре болу боккха безам.

4.Наб кхетале Хожас йина ойла.

Хила деза жам1аш:
Дешархошна 1емар ду хьехархочо йешначу текстаца болх бан.
План х1отто,цу планаца схьайийца,маь1ница йог1уш йолуш предложенеш х1итто.
Талламан белхан мах хадор:

«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»-5,я цул сов г1алат делахь.

Грамматически т1едилларан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-3\4 т1едиллар кхочуш динехь ,йа 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь; 5 ,йа цул сов г1алат делахь.

1.Сочинени: «Вайн къоман турпалхо».

Герггара план:

1.Къоман турпалхочун васт хьуна хетарехь.

2.Мила лора мегар ду къоман турпалхо?

3.Турпалхочун лазамаш.

Дешархошна 1емар ду йеллачу темина маь1ница йозаелла текст х1отто,1емар ду темина план х1отто.

Талламан белхан мах хадор:

«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»-5,йа цул сов г1алат делахь.

Грамматически т1едилларан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-3\4 т1едиллар кхочуш динехь ,йа 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь; 5 ,йа цул сов г1алат делахь.

11- чу классехь нохчийн меттан ФОС.

№	Талламан а, кхолларалли а белхаш		Маса сахьт	Терахь	
	Талламан	Кхолларалли		планаца	билггал
1	Талламан болх: «Хьоме йурт».		1		
2		Изложени: «Олхазарийн баркалла».	1		
3		Сочинени:«Оьздангалла».	1		
4	Талламан болх «Шийла х1усам».		1		
5	Талламан болх: « Аганан мотт».		1		

1.Талламан болх: «Гуьйре».

Де-дийне мел дели хийцалуш схьадог1у 1алам. Денош дацло,ткъа буьйсанаш яхло.Алсамдуьйлу йочане долу денош.Къаьсттина шера гуш хуьлу дитташца хуьлуш дерг.Леганаша шайн духар ц1ег1очу куьце дерзийна.Гуьйре т1еяран ойлаеш санна,лаьтта уьш хьуьнан йистошкахь.Наггахь махо лаьтта дожадо царна т1ера йист ира йолу г1а. Ц1еххьана хьокхучу махо,къа ца хеташ,сингаттамечу леган т1ера йоккху гуьйренан хазалла.Баьццарчу баганашна юккъехь тамехь схьаго декхнаш.Гаьннаш охьа а дахийтина,сингаттаме лаьтта уьш,т1ейог1учу шелонах а ийзалуш.Наьрташ санна,шайн гаьннаш шуьйра д1аса а дахийтина,лаьтта онда нежнаш.Д1о-о леккха стиглахь хеза г1арг1улийн узам.Тобанашка а етталуш,юха шайн мог1а бой,къилбехьа д1айоьлху уьш.Наггахь вовшашка кхойкхуш йолчу акхачу г1езийн аьзнаш а хеза.

Т1едиллар.

1.Хьалхара предложени синтаксически таллар.

2.Цхьанатайпанара меженанш схьакъасто.

Талламан белхан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»-5,я цул сов г1алат делахь.

Грамматически т1едилларан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-3\4 т1едиллар кхочуш динехь ,я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь; 5 ,я цул сов г1алат делахь.

Диктант: «Хьоме йурт».

Самайевлла н1аьнеш кхайкха йуьйлайелча, хьалаг1аьттира Алхаст. Уьйт1а ваьлла х1окхо ламаз оьццушехь, эвла юккъерчу маьждигехь молла а кхайкхира.1уьйренан тийналлехь ц1ена, мукъамехь декара цуьнан аз.

Хьуьна йистера д1ахьаьжча, д1о-о лаха чохь гора Алхастан юрт. Х1окху меттехь, жа басенца дажа д1а а хоьций, охьахуура Алхаст тохара жималлехь. Аренаша йукъаерзийначу шен йуьрте а хьоьжуш, хийла ойланаш йора цо.

Х1етахьчул дуккха а хийцаелла йурт. Шорйелла, ков-керташ алсамдевлла. Делахь а, Алхастан йурт йу и, хьалха санна, дагна хьоме а, хьалха санна, дагна гергара а.

Алхаст х1инца лаьттачуьра д1айолалуш йара буьрса хьун. Х1окху хьаннашца а дара Алхастан гергарло. Ерриге а, ала мегар долуш, жималла кхузахь пепнийн 1индаг1ашкахь а, Гуьмса ч1ожан басенашца кхуьучу кегийрачу хьаннашкахь а д1айахнера Алхастан.Х1ора т1улг, х1ора дитт гергара дара кхузахь. Д1а б1аьрг мел тоьхначохь гуш долчу суьрташа хилларш-лелларш дагатуьйсура.

Хьуьна йистера д1а Гумс-хи долчу аг1ор варша боьрзучу ворданан новкъа д1аволавелира Алхаст. Цунна къилбехьа б1аьлланган а, пхонан а орамаш йуккъера схьадолуш шовда дара.

Грамматически т1едиллар.

1.Хьалхарчу пхеа предложенерчу хандешнашна буха ши сиз хьакха.
2.4-га абзацера предложенеш синтаксически къастае.

Хила деза жам1аш:

Дешархошна 1емар ду предложенехь хандешнаш билгалдаха,доллара ц1ераш нийса йазйан,дешнаш дожаршца хийца.

Талламан белхан мах хадор:

«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»-5, йа цул сов г1алат делахь.

Грамматически т1едилларан мах хадор:

«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-3\4 т1едиллар кхочуш динехь ,йа 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь; 5 ,йа цул сов г1алат делахь.

1.Талламан болх: «Воккхачу стеган до1а».

Цхьа-ши г1улч йоккхуш,цецволий д1асахьожуш,т1аккха а масех г1улч йоккхуш,лелара воккха стаг.

Пхоьазза т1ек1елдина хиллачу ц1еношна йуххе а вахана,1асанна т1е а таь1на,сецира иза.Бомбанаша аьтта д1айахийтинера кхузахь б1аьрга мел гуш йолу г1ишло.

Т1аккха,лекха нохчийн холхозан куй д1а а баькккхина,киснара схьадаькккхина йовлакх коьртах хьаькхира цо.

Арахь йовха йацара.Кхузткъе итт шо сов хан хир йолуш воккха стаг лаьттара дег1е дагар детташ…

Ц1еххьана когаш чуьра са д1адаьлча санна,цхьа тамашийна охьалахвелира иза…Со сихха т1еволавелира.Со а гина,воккха стаг,шегара даьлла цхьа г1алат суна ца гайта г1ерташ санна,хьалаайавелира.Маршалла а хаьттина,дог лаза-м ца даьлла хьан,аьлла,хаьттира ас.

-Х1ан-х1а!..Лаза сан дог дисина,моьттуш а ма вац со-м!

-Х1окху ц1енош чохь 1аш гергара нах бара хьан?

Воккха стаг,цхьа тамашийна соьга схьа а хьаьжна,д1авирзира…Шен б1аьрхиш суна ца гайта г1ертара иза.

Дуккха лаьттира тхойшиъ,вист а ца хуьлуш…

-Сан к1ентан х1усамаш йара кху чохь…Х1инца к1ант а вац,цунах йисина х1усамаш а йац…

Т1аккха, куй д1а а тиллина,дег1 нисдеш д1а а х1оьттина,до1а дан х1оьттира.Ас т1аьхьара «амин» а олуш,дехха дира воккхачу стага до1а.(170 дош).

Т1едилларш:

1.Хьалхара предложени йуьззина синтаксически къастае.

2.Айдаран,хаттаран предложенешна буха сиз хьакха.

Хила деза жам1аш:
Предложении синтаксичеси талла,айдаран,хаттаран предложенеш къасто,айдардешнаш нийса билгалдаха 1емар ду.

Талламан белхан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»-5,йа цул сов г1алат делахь.

Грамматически т1едилларан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-3\4 т1едиллар кхочуш динехь ,йа 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь; 5 ,йа цул сов г1алат делахь.

2.Талламан диктант: «Акха стоьмаш».
Хьал долуш ду вайн махкахь 1алам. Гурахь а, 1ай а хьуьнхахь д1ахедаш бац акха стоьмаш: элхьамчаш, 1ежаш, кхораш, хьаьрмакаш, хьаьмцаш, коканаш... 1аьнан хьалхара шелонаш хьакхаелча, гуттар а чам толо церан.

Хала ду адамна и ерриге а хазнаш схьагулъян. Схьахетарехь, иза дика а ду. Х1унда аьлча, олхазаршна а, акхарошна а ма оьшу царах цхьадолу дакъа 1аьнан а, б1аьстенан а муьрехь, шайн кхача бина, пайдаэца.

Къаьсттина хьийкъина хуьлу муьргаш. Х1инца яа ч1ог1а пайдехьа ю уьш, цундела хьуьнан олхазарш го церан дитташ т1ехь. Февраль баттахь а, б1аьстенан йуьххьехь а дарбане бецаш а, орамаш а карор ду хьуьнхьахь, лаха а хууш лехча, царна йукъахь: ч1имаш, боьш, муьжг, иштта кхийолу ораматаш а.

Х1ор синтаран, диттан, бецан хелиган шатайпа дахар ду, дика ойла йича, вайн дахаран г1аролехь лаьтташ. Уьш ца хилча вайн дахар деса хир дара. Исбаьхьа, дарбане, комаьрша бу вайн Даймохк. И беза а, лара а, ларбан а вайн декхар ду! (135 дош)

І. Сапарбиева («СтелаІад», №2,2003 ш.)

Дешнаш довзийтар: хьармак - шиповник, муьрг - калина красная, муьжг - гусиная лапка, спорыш (юушйолударбанебуц), ч1им (ч1имаш) – г1ад даа мега буц, купырь лесной, боь (боьш) — акхасаьрамсекх (горный чеснок).

<u>Грамматически т1едиллар.</u>

1) Фонетически кьастаде «шелонаш» [ши-элуонаш] - 7 элп, 9 аз, мукьанаш: иэ (дифтонг), уо (дифтонг), а. Мукъазнаш: ш, л, н, ш.

2) 2-чу предложенера цхьанатайпанара меженаш карае, бух сиз хьакха.

Хила деза жам1аш:
Фонетически дош талла хаа деза,цхьанатайпана меженаш,х1оттаман сазуемеш билгалдаха хаа деза.
Талламан белхан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»-5,йа цул сов г1алат делахь.
Грамматически т1едилларан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-3\4 т1едиллар кхочуш динехь ,йа1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь; 5 ,йа цул сов г1алат делахь.
№2. Талламан болх: «Шийла х1усам».

Нохчий а, Кавказера кхидолу бусалба къаьмнаш а къизаллица махкахдаьхначу 1944-чу шарахь дара иза. Шийлачу Алтайн лаьмнашкахь йолчу баганан хьаннашна юккъехь 1уьллура Короткое олу к1отар. Цига кхечира жимачу Хьасанг1еран доьзал. Хьалха чохь говраш кхаьбна долчу ханнийн божалаш чу д1анисдира адам.

Ц1ийнан цхьаъ бен кор дацара. Цо серло к1езиг лора. Малх цигахь 1ай башха кхеташ а бацара. Делкъахан хуьлуш корах арахьаьжча, даш санна кхоьлинчу стиглахь гуш а боцуш, лелаш хилар хаалора малх. Масех сахьт даьлча, йуха а лома т1ехьа д1абузура иза. Арахь муха ду хьожур ма ву ша, олий, аравала г1уртура диъ шо долу Хьасан. Амма аннийн не1 чоьхьа йоьллуш яра. Наггахь 1уьйранна не1 а йоьллий, тховх йоьллуш йара. Наггахь 1уьйранна не1 а йоьллий, тховх д1акхетталц лекха диллина ло д1адаккха х1уттура дай, наний. Т1оман меттана хьостамашца не1арна т1етоьхна болу гажарг а лоций, не1 сацош хуьлура к1ант, арахь болх бан царна меттиг йаллалц. Хийца мотт-г1айба а, т1ейухург а, чухулайухург а йоцуш, дег1ана ц1ано йан, лийча аьтто боцуш, жима Хьасанний, дай воцург, берриш а цомгаш хилира. Оцу шийлачу х1усамехь, да балха а воьдий, сарралц ша 1ара Хьасан, меца, сагатдеш.**Т1едиллар:1. Текстера цхьанатайпана меженаш йолчу предложенийн лоьмарш схьайазйе,меженаш к1ел сиз хьакхарца билгалйаха.**

2.15 предложени йуккъара мотт-г1айба,т1ейухург,чухулайухург дешнаш кхолладаларан некъаш билгалбаха,х1оттамца талла.

3.7-8предложенеш синтаксически таллар.

Хила деза жам1аш:

Чолхе ц1ердешнаш къасто ,доллара ц1ераш нийса йазйан,терахьдешнаш нийсайаздан хаа деза.

Талламан белхан мах хадор:

«5»-г1алаташ дацахь;

«4»-1-2 г1алат делахь;

«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»-5,йа цул сов г1алат делахь.

Грамматически т1едилларан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-3\4 т1едиллар кхочуш динехь ,йа 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь; 5 ,йа цул сов г1алат делахь.

3.Талламан болх: «Аганан мотт» .

Мотт боцуш адам ца хуьлу. Къам доцуш мотт ца хуьлу. Мотт д1абаьлча, къам д1адолу. Дерриг латта ц1е йолу вайн дуьне теллича, кхин цхьанхьа а карор дац нохчийн ц1е йолу къам – шен маттаца, шен махкаца, ц1ий хуьйдинчу лаьттаца, маьждигийн момсаршца, шал шийлачу шовданашца, баккхичийн до1анашца, кегийчийн ловзаршца… Цундела ца лаьа вай лаьттара д1адан, доха, даржа, доь дан, хилларг х1ун ду а ца хууш!

Шен ага техкийначу ненан мотт даггара безаш, лоруш, цуьнан сий деш, иза шен синкхачам хеташ волчунна цул доккха х1ума дуьнен т1ехь хуьлийла дац. Цундела иза ц1ена хууш, к1орггера 1амийна, 1амо лууш волчун даиманна сий дан деза.

Т1едиллар:легаде лаамаза билгалдош.

Билгалйаха цхьанатайпана меженаш,ц1ердош морфологически талла.

Хила деза жам1аш:

Билгалдош,ц1ердош морфологически талла,текс г1алаташ доцуш нийса схьайазйан хаа деза.

Талламан белхан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»-5,йа цул сов г1алат делахь.

Грамматически т1едилларан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;

«4»-3\4 т1едиллар кхочуш динехь ,йа 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь; 5 ,йа цул сов г1алат делахь.

1.Изложени: «Олхазарийн баркалла».

Кехаташ, газеташ чутуьйсу яьшка кертах д1атоьхна яра. Юххехула д1асалелара адамаш, машенаш.
Шина дийнахь ц1ера ваьлла а лелла, ц1а веанера со. Керла газеташ схьаэца дагахь яьшки чу хьаьжча, со цецвелира. Газеташца яьшки чохь дара дакъаделла г1аш, чемхалгаш, месаш. Луларчу берашна г1еххьа оьг1азвахара со. Нехаш чуьра ара а кхийсина, яьшка ц1анйира ас.
Цул т1аьхьа цхьа-пхи де даьлча а изза хилира: яьшки чохь «нехаш» яра. Юха а луларчу берашна реза воцуш, яьшка ц1анъян воьлча, сан тидам хилира жимачу шина олхазаран. Уьш сунна гена ца дуьйлуш, «ц1арр-ц1арр» деш хьийзара. Х1ун ду техьа х1ара аьлла, юьстах а ваьлла, сайн болх бан х1оьттира со. Ас деш долу татанаш тергал а ца деш, олхазарша а д1аболийра шайн болх: уьш роггӀана сан яьшки чу а оьхуш, арадуьйлура.
Шолг1ачу дийнахь хьаьжча, яьшки чохь котаман месех бина горга бен бара.
Цхьа к1ира даьллачу хенахь дагадеана ас яьшка схьайиллича, чуьра араиккхира букъ т1ера мокха, до1ахан басахь, чук1елара ц1еран-ц1ечу басахь долу хаза, жима олхазар. Иза гена ца долуш охьахиира, синтем байна дека а декаш. Олхазар реза дацара ша бенара меттахдаккхарна. Бенахь 1уьллура стигалан басахь жима диъ х1оа. Т1аккха яьшка хьостамий а тухуш, д1акъевлира ас, олхазаршна чу-ара довла 1уьрг а дитина.
Цхьана дийнахь х1усамнана хесахь асар деш йоллура. Цо д1ах1оттийначу аьстанан г1ожа т1е а хуьйшуш шайн «ц1ар-ц1ар» деш наьрсийн хуталш юккъе лелхаш, лийлира цхьа хаза олхазарш. Уьш башха къехка а ца къехкара. Цара хесара а, бешара а леца а лоьцуш, дууш х1аллакдора зуламе н1аьний а, кхийолу садолу х1уманаш а. Йаьшка шайн х1усамна парг1ат йитарна баркалла олуш дара и кегий олхазарш.
План.

1. Газетийн йаьшки чохь нехаш.

2.Х1усамдас олхазарш тергалдо .

3. Йаьшки чохь бен.
4.Олхазарийн баркалла.

Хила деза жам1аш:

Дешархошна 1емар ду хьехархочо йешначу текстаца болх бан.
План х1отто,цу планаца схьайийца,маь1ница йог1уш йолуш предложенеш х1итто.

Талламан белхан мах хадор:

«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»-5,йа цул сов г1алат делахь.

Грамматически т1едилларан мах хадор:

«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-3\4 т1едиллар кхочуш динехь ,йа1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь; 5 ,йа цул сов г1алат делахь.

2.Изложени: «Куралла».
Текст.

Даа х1ума доцуш кхозлаг1чу дийне даьлла хилла цхьогал. Т1ех мацдаларна леста а лесташ, хьуьнхула х1ара лелаш, цхьана хийисте кхаьчна. Хи мелча мукъана а мацалла цхьажимма юхайоьрзур яцара-те бохург дагадеана цунна. Циггахь бацалахь 1уьллуш йоьхь карийна цхьогална. Гиначух цецдаьлла, хазахетар т1ехдаьлла, кхиссалуш, гонаха ида даьлла иза.
Т1аьххьара даг чу куралла иккхина, сонта къамел хазо долийна цо. «Эс, иштта хуьлу йоьхь? Йоьхь хиллехьара, кху сенчу бай т1ехь 1уьллуш а хир дацара хьо», - бохуш, когаца хьалхахьа д1а а кхуьйсуш, бацалахь керчо доьлла иза. Оццу хенахь х1аваэра чухахкаеллачу суьйлийн къийго леккха х1аваэ хьаладаьккхина йоьхь. Доьхна, 1адийна дисира цхьогал.
Ша лелийначу кураллина дохкодаьлла, дилхина цхьогал. Хих цхьа-ши къурд а бина, хьуьн чу дахана иза. Жимма лелча, ча а, борз а карийна кхунна шийлачу 1индаг1ехь делкъе еш доллуш. Доьлхуш, хьастаделла т1едахана цхьогал. «Хьо стена доьлху, цхьогал?» - хаьттина чано.
- Йоьхь дара сан, шу санна болу доттаг1ий карийча бен дуур мА дац ас аьлла, ч1аг1о а йина, сайца лелош. Амма суьйлийн къийго и даьхьна дитина со, - жоп делла цхьогало.
«Доттаг1ийн ларам беш хилар дика ду, цхьогал. Х1инца т1ехила, х1ума яа тхоьца. Кхин цхьа доттаг1 а ву вайн ижу яхьаш схьакхача везаш», - хазийна чано. И оллушехь, схьакхаьчна суьйлийн къиг. Доттаг1ашка йистхилале, цхьогале бехк баькккхина суьйлийн къийго: «Хьо рицкъанан пусар дан хууш дац, цхьогал. Х1ара йоьхь ахь, муш санна, д1асакхуьйсуш гича, ийцира ас хьуна хьалхара схьа».
Шен х1илла гучудаьллий хиъна, кхин ала дош а ца карийна, юха а дилхина цхьогал. Цо аьлла: «Кхул т1аьхьа рицкъанан сий-пусар дийр дара аса, х1инца сунагечдахьара аша. Со тешаме доттаг1 хир дара шуна. Даг чу куралла иккхинера суна. Х1инца хии суна, куралла х1ун ю…»

«Дика ду, цхьогал, оха хьуна гечдо, - аьлла чано. –Бакъду, аьшпаш биттаррий, ямартлой ца еза тхуна. И тайпа х1уманаш дита дезар ду хьан тахана дуьйна».
И дерриге а кхочушдан дош дела цхьогало.
План.

1. Мацделла цхьогал.

2.Кураллин т1аьхье.

3. Хьуьнхара хьеший.

4.Цхьогал дохкодалар.

*5.Чано аьллар*г

Хила деза жам1аш:

Дешархошна 1емар ду хьехархочо йешначу текстаца болх бан. План х1отто,цу планаца схьайийца,маь1ница йог1уш йолуш предложенеш х1итто.
Талламан белхан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»-5,йа цул сов г1алат делахь.

Грамматически т1едилларан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-3\4 т1едиллар кхочуш динехь ,йа 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь; 5 ,йа цул сов г1алат делахь.

1.Сочинени: «Оьздачу стеган васт».

Герггара план:

1.Духарца,маттаца,ойланашца ц1ена хилар.

2.Дайн г1иллакхаш хууш,лардеш хилар.

3.Оьшучохь накъосталла дар.

Хила деза жам1аш:
Дешархошна 1емар ду йеллачу темина маь1ница йозаелла текст х1отто,1емар ду темина план х1отто.
Дешархошна 1емар ду хьехархочо йешначу текстаца болх бан.
План х1отто,цу планаца схьайийца,маь1ница йог1уш йолуш предложенеш х1итто.

Талламан белхан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»-5,я цул сов г1алат делахь.

Грамматически т1едилларан мах хадор:
«5»-г1алаташ дацахь;
«4»-3\4 т1едиллар кхочуш динехь ,я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь; 5 ,я цул сов г1алат делахь.